

Avi sou posiblite pou divilge dosye elèv

Tanpri pran tan w pou li avi sa a byen. Sa a se yon mesaj ki soti nan Tribinal distri Etazini *United States District Court* nan ka yo idantifye pi wo a. Avoka ki reprezante timoun ki gen andikap ak paran yo nan yon pwosè kolektif konsènan kèk sèvis edikasyon espesyal ak regleman nan Vil Nouyòk, ap chèche gen aksè nan dosye elèv. Dosye sa yo garanti dapre yon akò sou konfidansyalite ant konsène yo epi yo pa p divilge yo ba okenn moun ki pa avoka moun ki konsène yo, ekspè yo ak tribinal la. Nou pa bay piblik la dosye okenn timoun ni bay okenn lòt elèv oswa paran san konsantman paran/responsab elèv la oswa yon elèv ki vin gen laj 18 lane kounye a.

Avi sa a ka aplike pou ou si w sw yon elèv kounye a oswa yon ansyen elèv oswa paran oswa reponsab yon elèv ki te gen yon pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, "IEP") ke Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) epi ant 1ye out ak 22 fevriye 2019, oumenm oswa pitit ou a swa:

1. Te fè tranzisyon ant yon Komite Edikasyon pou debitan (Committee on Pre-School Education, "CPSE,") ak yon Komite pou edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE"); Ak/Oswa
2. Te nan yon lekòl prive Eta a apwouve; Ak/Oswa
3. Yo te defere w bay Ekip Sipò Santral (Central Based Support Team, "CBST") pou premye fwa; Ak/Oswa
4. NYCDOE te klase w nan kategori elèv otistik nan yon IEP pou premye fwa oswa yo te fè dyagnostik ki di ou gen pwoblèm otis (Autism Spectrum Disorder).

Si pitit ou a te gen plis pase laj 21 lane nan dat 3 jiyè 2013, li pa fè pati pwosè sa epi Avi sa a pa konsène w.

Nati pwosè a

Nan pwosè a, *M.G. v. NYC DOE*, pleyan yo se timoun ki gen andikap ak paran yo. Pleyan yo reprezante de diferan klas elèv Vil Nouyòk: Klas sèvis otis (Autism Services Class) ak klas regleman NPS (NPS Policy class). Autism Services class la gen ladan elèv yo idantifye oswa ki fè dyagnostik ki di yo gen yon Autism Spectrum Disorder. NPS Policy class la gen ladan timoun yo te rekòmande pou ale/ki nan lekòl prive Eta Nouyòk apwouve. Pleyan yo deklare NYCDOE ak Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) vyole Lwa edikasyon pou moun ki gen andikap (*Individuals with Disabilities Education Act*, IDEA) pami lòt lwa ki gen rapò avèk li, lè yo adopte regleman ki anpeche manm Klas nan chak klas la resevwa kèk sèvis edikasyon espesyal. NYCDOE ak NYSED rejte akizasyon sa yo. pami lòt bagay pleyan yo vle, y ap chèche desizyon ki fè yo kwè ta gen garanti manm klas yo resevwa sèvis edikasyon ki apwopriye.

Kabinè avoka ki reprezante pleyan yo se Law Office of Elisa Hyman, P.C., [www.specialedlawyer.com](http://www.specialedlawyer.com) (212-293-8686) ak Robbins Geller Rudman ak Dowd, <https://www.rgrdlaw.com/>. Si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou pwosè a, gen yon kopi dezisyon ki sètifye klas la disponib nan <https://www.specialedlawyer.com/>

### Demann dokiman

Kòm yon pati nan pwosè sa a, pleyan yo ap chèche kèk dokiman nan Vil la ak nan NYSED ki gen enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje sou elèv ki fè pati gwoup la. “Enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje” se bagay sa yo ak lòt ankò: non elèv; non paran ak responsab(paegzanp non jèn fi manman); non manm fanmi; nimewo sekirite sosyal; adrès kay; ak nimewo telefòn; ak dat nesans ak kote moun fèt.

Men egzanp dokiman yo mande: IEPs; dosye odisyon sanpatipri ak relve nèt; evalyasyon ak egzamen edikasyon espesya; kanè ak rapò pwogrè; ak dokiman paran bay pou dosye elèv la.

Pou asire yo kenbe dokiman yo estrikteman konfidansyèl epi se sèlman avoka pati yo, ekspè yo ak tribinal la ki pral wè yo, pati yo antann yo sou yo akò sou konfidansyalite sou lòd tribinal la.

### Dwa elèv sou konfidansyalite

Lwa sou dwa fanmi nan edikasyon ak vi prive *Family Educational Rights and Privacy Act* (“FERPA”), 20 U.S.C. § 1232g(b) ak 34 C.F.R. § 99.31(a)(9)(ii), ak *Individuals with Disabilities Education Act* (“IDEA”), 20 U.S.C. §§ 1400, *et seq.* se lwa federal ki pwoteje konfidansyalite dosye elèv. Lwa sa yo pèmèt yo divilge dosye sa yo dapre yon lòd tribinal, depi distri lekòl la fè yon efò rezonab pou avèti elèv ak paran avan yo divilge dosye yo epi bay yo opòtinite pou fè objeksyon pou pa divilge enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje (Protected Personal Information) ki nan dosye sa yo.

Si apre yo fin avèti yo, yon paran ak/oswa elèv la fè objeksyon, yo ka bay dokiman yo, men y ap retire enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje yo.

### Konsantman ak opòtinite pou fè objeksyon

Avi sa a pa afekte okenn dwa ou genyen ni dwa pitit ou a genyen parapò ak Litij *MG* a oswa nenpòt lòt zafè ou ta genyen ann atant avèk NYCDOE.

Ou lib pou fè objeksyon pou yo pa divilge dosye pitit ou a. Si w gen yon avoka oswa yon defansè k ap ede w, ou ka byen renmen pale avèk li sou avi sa a.

### Si w pa fè objeksyon

Si w pa fè objeksyon pou yo pa divilge enfòmasyon yo dekri pi wo a, ou pa bezwen fè anyen.

## Si w fè objeksyon

Si w fè objeksyon pou yo pa divilge enfòmasyon yo dekri pi wo a, ou dwe: Ranpli “Fòm objeksyon pou pa divilge enfòmasyon ak dosye Ka No. 13-CV-4639” ou jwenn nan avi sa a oswa ke ou jwenn nan <https://infohub.nyced.org/resources/translated-documents/notice-of-potential-disclosure-of-student-records-and-opt-out-form> epi poste l ba tribinal la nan adrès sa a:

The Honorable Robert W. Lehrburger  
c/o Clerk of the Court  
Southern District of New York  
500 Pearl Street, Courtroom 18D  
New York, NY 10007  
Attn: DOCUMENT FILED UNDER SEAL

nòt yo

- Tribinal la dwe resevwa tout objeksyon nan dat 10 me 2019 pou pi ta.
- Pa rele tribinal la. Tribinal la pa p aksepte apèl nan telefòn sou zafè sa a.

Ou ta dwe konnen konsèy avoka a ka kontakte w pou gwoup pleyan an. class.

Si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou kòman pou fè objeksyon pou yo pa divilge dosye pitit ou a (oswa dosye pa w si w gen plis pase laj 18 lane) oswa si w bezwen yon tradiksyon avi sa a, tanpri ale sou <https://infohub.nyced.org/resources/translated-documents/notice-of-potential-disclosure-of-student-records-and-opt-out-form>.

Si w pa voye yon fòm objeksyon nan dat 10 me 2019, n ap konsidere ou retire dwa w pou fè objeksyon pou yo pa divilge enfòmasyon ak dosye ki gen enfòmasyon pèsònèl ki pwoteje sou elèv. Tribinal la ap kenbe tout objeksyon sou pli kachte.

Gen tradiksyon ki disponib nan Panyòl, Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris ak Oudou nan <https://infohub.nyced.org/resources/translated-documents/notice-of-potential-disclosure-of-student-records-and-opt-out-form>.